

बेसी छुट्टी कम इसकूल

Author: Gajendra Thakur
Illustrators: Amalendu Kaushik, Balaram Mandal, Sathyavrath JS, Surekha Navratna

storyweaver Community

Level 1
Emergent Reader



बेसी छुट्टी कम इसकूल- गजेन्द्र ठाकुर


बेसी छुट्टी कम इसकूल
खेली-धूपी आरि-धूरपर
रौद-बसाते घूमी खूब
मम्मी-पापा बाबी-बाबा
ताकि--थाकि कऽ आबथि घूरि

बाड़ी-झाड़ी कल्लम गाछी
मेला ठेला गामे-गाम
भरि दिन भागा-भागी पाछू
बौका बुधनी संग रसूल
बेशी छुट्टी कम इसकूल।



कनियाँ-पुतरा बना सजाबी
खर-पात सँ घर बनाबी
बेंतक छड़ी बनाबी घोड़ा
चढ़ी ताइपर आ दौगाबी

झुट्ठे लोक कहैछ उकाठी
देखए धीया-पुता कऽ भूल
बेसी छुट्टी कम इसकूल।




इसकूलोमे गलती केने
मास्टर साहेब बड्ड डेराबथि
बेंट पकड़ने छड़ी घुमाबथि
टेबुलपर ओ पटकि बजाबथि

सुतलोमे सपनाइत छी हम
कहीं हुअए नै कोनो भूल
बेसी छुट्टी कम इसकूल।



कनियाँ-पुतरा चलू घुमाबी
बेंतक छड़ी हम किए बनाबी?
घर बनाबी बत्ती-कड़चीसँ
करची कलमसँ लिखी खूब

चित्र लिखि टांगी स्कूलमे,
आ सपना देखी खुब्बे-खूब
बेसी छुट्टी कम इसकूल।



बोने-बोन बिसरी रस्ता तँ
वनसप्तो घर घुराबै छथि
इसकूलमे गलती केने मुदा जे
मास्टर साहेब मारै छथि
बेंट पकड़ने छड़ी घुमाबथि
मास्टर साहेब बड्ड डराबथि

मोन बेकल अछि भय भागल नै
छड़ी-बेंत सपनाइत छी हम
छड़ी-बेंत सभ फेकथि दूर
आ साँझ घूरि घर सूती हम खूब
बेशी छुट्टी कम इसकूल।

Story Attribution:

This story: बेसी छुट्टी कम इसकूल is written by Gajendra Thakur . © Gajendra Thakur , 2022. Some rights reserved. Released under CC BY 4.0 license.

Images Attributions:

Cover page: मेरा स्कूल, by Surekha Navratna © Surekha Navratna, 2022. Some rights reserved. Released under CC BY 4.0 license. Page 2: मेरा स्कूल ड्रेस, by Surekha Navratna © Surekha Navratna, 2022. Some rights reserved. Released under CC BY 4.0 license. Page 3: स्कूल जाती लड़की, by Surekha Navratna © Surekha Navratna, 2022. Some rights reserved. Released under CC BY 4.0 license. Page 4: School, by Balaram Mandal © StoryWeaver, 2015. Some rights reserved. Released under CC BY 4.0 license. Page 5: Vacation, by Sathyavrath JS © Sathyavrath JS, 2022. Some rights reserved. Released under CC BY 4.0 license. Page 6: A mother and child walking, by Amalendu Kaushik © Pratham Books, 2020. Some rights reserved. Released under CC BY 4.0 license.

बेसी छुट्टी कम इसकूल

(Maithili)

झुट्ठे लोक कहैछ उकाठी देखए धीया-पुता कऽ भूल बेसी छुट्टी कम इसकूल।

This is a Level 1 book for children who can read easy words, less than 50 words

Pratham Books goes digital to weave a whole new chapter in the realm of multilingual children's stories. Knitting together children, authors, illustrators and publishers. Folding in teachers, and translators. To create a rich fabric of openly licensed multilingual stories for the children of India and the world. Our unique online platform, StoryWeaver, is a playground where children, parents, teachers and librarians can get creative. Come, start weaving today, and help us get a book in every child's hand!